



Pou Piblikasyon Imedya: 13/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKSPANSYON 3 MILYON DOLA MANHATTAN TELECOMMUNICATIONS CORPORATION NAN VIL NEW YORK

2.2 milyon dola nan finansman eta sipòte ekspansyon syèj sosyal la ak 100 nouvo djòb

Ranfòse Vil New York kòm yon sant pou teknoloji ak inovasyon

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Manhattan Telecommunications Corporation, yon founisè mondyal solisyon nan kominikasyon pou biznis atravè mond lan, ap invest 3 milyon dola pou fè gwo reparasyon nan syèj sosyal li a nan 55 Water Street nan Vil New York. Nan kad plan kwasans li yo, MetTel te angaje pou l kreye omwen 100 nouvo djòb nan devlopman lojisyèl ak sèvis pwofesyonèl pandan l ap kenbe 180 djòb aprentan, ki jwenn sipò jiska 2.2 milyon dola nan kredi enpo Pwogram Djòb Excelsior (Excelsior Jobs) la ki baze sou rannman nan Empire State Development. Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil New York la te rejwenn ESD pou make etap enpòtan an avèk yon seremoni ouvèti nan syèj sosyal MetTel nan 55 Water Street.

"Vil New York kanpe kòm yon fa inovasyon kote kreyativite fleri ak lespri antreprenarya pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekspansyon MetTel la sèvi kòm yon temwayaj pou anvègi rejyon an kòm yon sant teknoloji dinamik, reyafime pozisyon nou nan avangad inovasyon, kwasans, ak kreyasyon djòb".

Fonde nan Vil New York an 1996, Manhattan Telecommunications Corporation (MetTel) te ede biznis ak òganizasyon gouvènman yo ogmante pwodiktivite antrepriz, diminye depans yo ak senplifye operasyon yo atravè otomatizasyon. Renovasyon sa yo pral transfòme syèj sosyal la nan yon espas travay dènve kri ki ankouraje kolaborasyon, kreyativite ak inovasyon. Konpayi an kenbe operasyon enpòtan nan New Jersey, Utah, ak Rhode Island ki te konsidere tou pou pwojè ekspansyon sa a, anplis yon nouvo lokal yo pwopoze nan Florid.

Majistra Eric Adams, te deklare, "MetTel se yon vrè konpayi Vil New York - ki fèt ak grandi isit la - epi mwen tèlman kontan yo rete isit la. Patenarya piblik-prive sa a ap kreye djòb demen, debloke teknoloji ki pral ede plizyè milyon Nouyòkè, epi sipòte tout rekiperasyon vil la nan anboche 100 anplwaye adisyonèl. Administrasyon nou an ap revitalize koridò komèsyal yo, ranpli vitrin boutik vid yo, epi invest nan endistri kle k ap

grandi yo — epi nou rejwenn 99 pousan djòb ki te pèdi pandan pandemi an, paske Vil New York se kote pou konstwi avni ekonomik ou".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "ESD fyè pou l sipòte agrandisman MetTel, yon egzanp briyan yon konpayi ki grandi nan kè sektè teknoloji dinamik Vil New York la.

Anviwònman dinamik vil nou an ak aksè nan talan wo nivo yo te pouse kwasans ak inovasyon MetTel. Agrandisman sa a demontre pouvwa Vil New York kòm yon katalizè pou siksè nan endistri teknoloji a epi nou kontan anpil paske MetTel pral kontinye grandi eritaj li nan Empire State".

Majistra Adjwen pou Lojman, Devlopman Ekonomik ak Mendèv Vil New York la, Maria Torres-Springer, te deklare, "Sa a se yon viktwa pou Vil New York, ak Eta New York, ak yon egzanp eksepsyonèl gouvènman k ap kreye kondisyon pou sektè prive a pwospere. Mwen pa ka tann pou m wè MetTel ki ajoute 100 djòb nan ekonomi vil la ak kwasans kontinyèl konpayi an ak pi gwo endistri telekominikasyon nan New York".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil New York la, Andrew Kimball, te deklare, "Nou kontan anpil dèske nou te travay ansanm ak patnè nou yo nan Empire State Development pou bay resous MetTel te bezwen pou non sèlman rete nan Vil New York, men tou pou l double nan anboche 100 djòb apelan aplis. Yon vrè òganizasyon ki te fonde nan Vil New York (NYC), desizyon MetTel pou l investi nan Vil New York alontèm sèvi kòm yon egzanp konfyans ak fòs kominote biznis la santi nan Administrasyon Adams lan. Vil New York kontinye ankouraje sektè ki gen gwo salè, ki gen gwo kwasans sa yo, epi NYCEDC rete angaje anpil pou l bati yon ekonomi dinamik, enklizif, ak konpetitif globalman atravè senk minisipalite yo".

Direktè Egzekitif Jeneral MetTel, Marshall Aronow, te deklare, "MetTel kontan anpil pou l renouvle angajman li anvè vil la ki te gen yon gwo wòl nan siksè nou an. Vil New York te toujou yon fòs inovasyon ak rezistans, epi nou fyè dèske nou fè pati kominote biznis pwospè li a. Avèk prezans kontinyèl nou nan kè Manhattan, nou espere ankouraje patenarya ki pi solid epi bay kliyan nou yo ankò plis valè".

Anplis de sa, ekip Devlopman Biznis NYCEDC a te travay ansanm ak MetTel ak ESD pandan de ane konvèsasyon kontinyèl pou asire ekspansyon sa a te fèt nan NYC. Kounye a, MetTel ap travay ak NYCEDC pou ranfòse aktivite ki gen rapò ak devlopman mendèv ak ranfòse wòl yo nan kominote biznis Lower Manhattan.

Investisman estratejik Eta New York te kiltive yon ekosistèm inovasyon ak kwasans, ki ankouraje endistri teknoloji a nan chak kwen eta a. Investisman sible sa yo se yon bagay ki enpòtan pou ankouraje kwasans Vil New York kòm yon sant teknoloji klas mondyal, k ap sèvi kòm yon katalizè pou kreyasyon djòb ak yon sant pou inovasyon revolisyonè ki ankouraje pwogrè ekonomik nan nivo lokal ak mondyal. Avèk repitasyon mondyal li, aksè nan kapital, ak ekosistèm dinamik, Vil New York te vin tounen yon leman pou jèn konpayi ak konpayi teknoloji etabli yo, sa ki mennen nan yon sektè

teknoloji solid ak fleksib. Lè li sipòte ekosistèm dinnamik sa a, Eta New York ap estimile pwosperite ekonomik ak solidifye pozisyon li kòm lidè nan epòk dijital la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418